**ХIун ю CLB, могIарчу маттахь аьлча?**

CLB - иза дешархочунна хьехамаш бен Центр ю. CLB-но гIодо берашна а, школе лелачу кегийрхошна а.

CLB-ца уьйр латтайо хIора школо, амма школин дакъа дац CLB. Иза йозуш йоцу организаци ю.

CLB-но **маьхза** до гIо даима а.

**ХIун хатта йиш ю шун CLB-не?**

• Дуй хьан хаттар тхоьгарчу гIоьн, школерчу хьелийн хьокъехь?

• ХIун Iамо деза, муьлха болх хенан йохалла айхьа хоржур бу къастош, хIун гIо оьшу хьуна?

• Школехь халонаш юй хьан? Сиха деша ца ло йа яз ца дало хьоьга? Хала ду дешар я тIех атта ду? Дешарна тIе ойла ца йоьрзу хьан? Хьайн дешар муха дIахIоттийна хила деза аьлла хета хьуна?

• ЦIахь хIун халонаш ю хьан? Кхерам лаьтта хьуна тIехь? Да-нана барт эгIна-м дац? Накъосташца хьуо муха лела веза/еза ца хаьа хьуна? Стресс лаьтта хьоьца?

• ДоттагIий бац хьан? Хьуо хьайца комфорт ца карайо хьуна? Сингаттам лаьтта хьоьца, догъэтIа, хьуо цхьалха хета хьуна, йа кхин бала лаьтта хьоьгахь? Лаьий хьуна цунах лаьцна дийца?

• Могашаллах лаьцна хеттарш дуй хьан: со нийса кхуьуш вуй/йуй-теша, аьлла, масала? Хаттар дуй хьан, сан бIаьрса муха ду-те, сан лергашна муха хаза-те, аьлла? Йа кхача муьлхарниг баа беза, аьлла? Йа муха ю-те сан могашаллин хьахо экаме йолу агIо, аьлла? Цигаьрка озар, малар, сов тIех ловзарш, кхидолу хIуманаш лелор нийса дуй-те, аьлла? Ас хIун дан деза оцу кепарчу сакхташна, аьлла, буй цхьа а сингаттам?

• Хила тарло оцу тайпанара кхидолу хеттарш а.

Де шайн хеттарш CLB-не!

Хаттар дан йиш ю CLB-не шун дай-наноша а, шун школо а.

**Муха далур ду хаттар CLB-не?**

• хьайн школехула: хатта цигарчу куьйгалле CLB-н контакташ. Йа де оцу хьокъехь хаттар www.onderwijskiezer.be сайтехула.

• Маьхза, къайлах къамелдан йиш ю хьан CLB-ца www.clbchat.be сайтехула а. Амма CLB-н векал вац шун школерчу белхахошлахь. Шун дай-нанойн а бу CLB-ца зӀене бовла аьтто.

• Хьо юккъерчу школе лелаш велахь/елахь, хьан йиш ю уьйр каро www.blinkers.clbonline.be сайтехула: хьайн дешархочун идентификаторца системи чувала. Идентификатор хьуна яла декхаре ю хьан школа. Оцу кепехула CLB-ца шецца зӀене вала/яла. Иштта дало хьоьга хаттар йа къамеле вехало ТӀехьожург. Муьлхха а информаци карор ю хьуна йа листатур ду муьлхха а гӀуллакх. Хьан да-нана зӀене далало ТӀехьажархочуьнца www.burgerprofiel.be сайтехула.

• www.onderwijskiezer.be сайтехула хаа йиш ю хьан, дешаран хьелех дерг, цо аьтто бийр бу хаа, муха дӀадахьа деза, къасто деза дешар, муха атта ду деша, хӀун ду бӀегӀийла, гойтур ду, дешар муха дӀахӀоттийча тоьлу.

**Муха бо шен болх CLB-но?**

Юхьанца CLB-н белхахочо къамел дийр ду хьоьца йа хьан деца-ненаца. Ахь йа хьан дас-нанас вало тарло шайца CLB-не кхиверг а. Иза хила тарло аш тешаме лору стаг, масала, хьехархо, доттагӀ, хьан ваша йа йиша.

CLB-н векало:

• ладугӀур ду шуьга

• хоуьйтур ду, муха бо шен болх CLB-но

• юкъарло дӀахьор ду шуьца шун хаттарна жоп лохуш

CLB-н векалшлахь бу **тайп-тайпана белхахой**: психологаш, педагогаш, лоьраш, социалан, медицинан белхахой. Цара накъосталла дийр ду шуна, шайга далучу гӀоьнах лаьцна а, шуьца иза муха тоьллачу кепехь далур ду къастош а.

CLB-но чукхойкхур ду шу йиллинчу хенахь. Цунах олу "системо цхьаьнакхета къастийна хан". И цхьаьнакхетарш пхоьазза хир ду ахь берийн бешахь доккхучу шаранний, юккъерчу школехь доьшуш доккхучу ялх шаранний юкъахь. Берийн бешахь хьан терго йийр ю хьан дас-нанас. CLB-но тидамехь латтор бу хьан кхиамаш а, кхиар а. CLB-но маьхза деттар ду хьан могашаллина оьшу мехий, масала, кхартанашна, уьне йолчу паротитна я хьаранна дуьхьал ахь юьхьанцарчу школин йоьалгІачу классехь доьшучу хенахь. Хьуна хьалххе хоуьйтур ду оцу хьокъехь. Ахь а, хьан дас-нанас а къастор ду цунах дерг. Шун йиш хир ю хеттарш дан.

CLB-хь болх беш мел верг хир ву шайн **профессин къайле** кхобуш. Нагахь санна ахь CLB-н векале къамел динехь, цуьнан бакъо яц аш дийцинарг муьлххачу а кхечу стаганна довзийта.

Юкъ-кара CLB-но болх бийр бу хьан деца-ненаца, хьан школица я социалан белхахошца. Оцо CLB-на аьтто бийр бу шегара хьуна мел оьшу гІо латто. Хьох дагайолуш хир ю CLB.

Хьуна тІехь кхерам буй баккъал а? Белахь, CLB декхаре яц иза къайладахьа. Амма оцу хьокъехь юьхьанца хьох дагавер ву CLB-н векал.

Дуй хьан къайлах дийцаредан оьшуш хаттар? Делахь, де иза CLB-н белхахочуьнга.